ТӨЛЕПБЕРГЕН МӘТМУРАТОВ



# ЖУЛДЫЗЛАР ЖАНАР

*Қосықлар*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1989

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГУЗ АҚШАМЫНДА

Мен Шолпанды излеп аспанға бақсам,
Тыррыў-тыррыў етип ушар тырналар.
Көзлеримде уйқы бермеди ақшам,
Кеўлимде әжайып қосық толғанар.

Пахталық үстинде зыпылдап ағып,
Баратырсыз, тек те алға өрлейсиз,
Қайда асығасыз, қаяққа бағыт,
Хошласқан дослардай қанат сермейсиз.

Ал яхшы хош болың, хош болың дослар,
Ағыңыз, түсликке қарай ағыңыз.
Иске ассын сизлер ойлаған жоспар.
Бирақ сағындырар дала, бағымыз.

Рас, салқын тартты далалар, сайлар,
Басланды жапларда суўдың тыныўы,
Лекин кеўлимиз бәҳәрдей жайнар,
Мудамы бәҳәрдей жүрек жылыўы.

Барар жерлериңиз бәҳәрди, бәлким,
Дала ҳәм қырларда көклер шыққанда,
Көктеги қуяштың нурына балқып,
Дәрьядӑн сирескен сеңлер ыққанды...

Жүрек шын бәҳәрден бермесе дәрек,
Күлмесе инсанға ығбал қуяшы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахытсыз бәҳәрлер нелерге керек,
Сөздиң тоқ етери—гәптиң расы.

Еле көп еллерди қараңғы қаплап,
Езиўши—мийнеткеш халыққа аларған,
Жарлы пешенесин сүйсе де әптап,
Онда бахыт—азлар ушын жаралған.

Бирақта қутлықлап дүнья халықларын,
Езилиўши бахыты—күни шығады.
Бәҳәрги сеңлердей сирескен залым,
Бәҳәрде сеңлердей болып ығады.

Ушыңыз түсликке бар күшти жумсап,
Жыллылықты сүйер әзиз жаныңыз,
Сизлер баратырсыз бәҳәрди нусқап,
Барлық ел сизлердиң туўысқаныңыз.

Сизиң Ўатаныңыз—пүткил жер жүзи,
Жолларыңыз ашық—жоқдур шегара.
Сизлер жөнелсеңиз Нөкистен бизиң,
Паспортсыз қарсы алар дәртли Тегеран.

Адамлар да бәрҳә бәҳәрди излер,
Бирақта, бирақта өмир бәҳәрин.
Шегара болмаса келер еди бизге,
Тәрк етип Нью-Йорк, Париж шәҳәрин.

Еле ўақыт келер, шегара қалмас,
Ҳәм кеңнен ашылар дослық гүзары.
О, сен ол гүзарда зырлаған Парнас,
Дөретер екенсең қандай музаны.

Көзлериме уйқы бермеген ақшам,
Кеўлимде әжайып қосық толғанар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен Шолпанды излеп аспанға бақсам.
Тыррыў-тыррыў етип ушар тырналар.

## ТУЎЫЛҒАН УЛКЕМ ҲАҚҚЫНДА

Қуўанышлы өтти мениң сенде балалық жылларым,
Кеттим баксы келген жерге, үйдиң айтқанын
қылмадым,
скандай „Қара жорға“ да асқар таўлардың
шыңларын,
Тыңладым бақсы—жыраўды, о үлкем қушағында,
Кеўилленип қайтқаным бар жазғы таңның шағында,
Ол күнлерим кандай еди әжайып ойлар басымда,
Жүрген күнлер күлимлеп мектептиң босағасында,
Ушар едим асығып усап көктеги лашынға,
Орнымнан турып азанда түскенде еске мектебим,
Көз алдымда булдырап, ақ жай, естен кетпедин.
Узақларға жүргенимде мен сени әрман қыламан:
Көз алдымда тәбиятың жасымнан маған унаған.
Суўларыңның сести келер тик жардан пәске кулаған,
Ҳәм Қаратаў кабақ үйген, ийреңлеп аққан сай-сала,
Ҳәм най шертип жүрген шопан мал бағып көк
майсада.
Әмиўдәрья жаркырайды гүмистей болып мысалы,
О, қандай жупар ийиске толы үлкемниң қушағы,
Әлҳаўада шағалалар шарық урып бийҳуш ушады,
Бүлбиллер келип сайрайды, түрли-түрли намаға,
Билмеймен сениң туркыңнан олар да руҳлана ма!
Тынышлықтың сазларынан, мийнет заўқынан дөреген,
Шадлы сеслер қушағыңды қуўанышка бөлеген,
Мен тал киби тербелип о қанша ләззетленемен,
Шадлықтың мәканысаң туўылған үлкем мениң,
Сенде мениң шадланып кишкентайдан үлкейгеним.
Асығып поезд саған ышқы отыңда жанады,
Қуслардың да сени деп атлас қанаты талады,
Көркиңди көрип ҳәттеки Әмиўде толқынланады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағынып тезден бараман болсаң да қанша қашықта,
Себеби мен де әзелден, гөззалым, саған ашықпан.

* * *

Маған ысық, ана—топырақ,
Мениң сенде өткен күнлерим.
Маған ысық күндей жадырап,
Адамлардың жайнап күлгени.

Маған ысық бәҳәр паслында,
Ҳаўадағы қуслар дизбеги.
„Ақ алтынлы“ қырман тасқынлап,
Сап тартысқан кәрўан гүздеги.

Маған ысық самал еркелеп,
О, бозарып таңның атқаны.
Усы мәҳәл жыллы көрпеде,
Нәрестениң уйықлап жатқаны.

Маған ысық таң мезгилинде,
Жарқыраған завод отлары,
Шубаланқы буйра түтинди,
Трубадан буўдақлатқаны.

Маған ысық қурылысшының,
Бәлент-бәлент жайлар өргени.
Жазда каплап дийханның үйин,
Қара таллар турған тербелип.

Маған ысық сағынғанымда,
Мени саған байлайтуғын жол.
Сениң ышқың жасар қанымда,
Сени десем қуўанышым мол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУЛДЫЗЛАР ЖАНАР

Әмиў бойларына шықсам сайранға,
Бәлент вышкаларда жулдызлар жанар.
Тахиаташ ақшамы усап байрамға,
Бәлент вышкаларда жулдызлар жанар.

Нур ағызып қатар-қатар сымлардан
Әмиў жағаларын бөлеп нурларға,
Дегендей-ақ. „Биз турғанда түн бар ма".
Бәлент вышкаларда жулдызлар жанар.

Қарақалпақ халкы қуўан, мақтан деп,
Мен сизлерге мәңги өшпес бақпан деп,
Көзлердиң гәўҳары—нурман аққан деп,
Бәлент вышкаларда жулдызлар жанар.

Серпип таслап қараңғылық пердесин,
Әзиз мәканыма жақты бергели,
Жарқырап турсын деп Ленин ордени,
Бәлент вышкаларда жулдызлар жанар.

## ЕСИМДЕ БАР...

Есимде бар еле сол күнлер,
„Ойнайық,—"деп мирәт еткениң.
Есимде бар ойыныңды мен,
Талай рет бузып кеткеним.

Есимде бар бир күни маған,
„Көз караспақ ойнайық"дедин,
Сонда пүткил ықласым менен—
Көзлериңе тигилер едим.

Қағағойсам кирпигимди мен,
Айтар едиң: „көзиң талды ма?"


www.ziyouz.com kutubxonasi

Уялғаным сондағы мениң,
Еле аян көзим алдында.

Жыллар өтти... кетти балалык,
Нәўбетине жигитлик келди.
Қәнекей тап мени кумарткан
Сол ойыныӊ болғанда енди?

Енди ойнасаң айдай жүзиңе,
Карар едим талмай қадалып.
Әй жалынлы қарамық көзлер,
Сағынаман сени яд алып,

## ҚЫЗ КЕТКЕН

### I.

Сен есиме түспесең,
Сени сүйиў болар ма?
Суўларыңнан ишпесем,
Сирә шөлим қанар ма,
Қызкеткен.
Саған кайсы қыз кетти?
Ол кимлерди излетти?
Оның аты ким еди,
Гүлжамал ма, Сара ма?
Кай шәменниң гүли еди?
Назбайгүл ме, лала ма?
Кызкеткен!
Саған қайсы қыз кетти,
Ол кимлерди излетти?

### II.

Сеннен несин көрейин,
Тек ағыўды билесең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Берерсең бе сол қызды
Бойларыңа түнесем
Қызкеткен.
Ол есимнен шықпайды.
Басқа естен шықса да,
Қыялымнан шықпайды,
Аяғына ықса да,
Қызкеткен.
Аяғына муз кетер,
Енди ҳасла қыз кетпес,
Заман қызға ығбалың.
Суў түбинен излетпес,
Қызкеткен.

## СОНША СУЛЫЎ КӨРИНЕР ДҮНЬЯ...

Адам болғаным ушын ба?
Қанат жоқ менде.
Сулыўлықты қолда қысымлап.
Көргим келеди демде.

Сулыўлық мениң көзиме,
Көринбес жалғыз.
Гә нур болып көринер,
Гә болар Нәргиз.

Гә болады ағын суўлар,
Ийреңлеп аққан
Гә болады назлы дилбар,
Бир қыя баққан.

Гә болады кеўлимде өскен.
Ләззетли сеслер.
Жаным маған: „Шадлы сестен
Рухланып өс„ дер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сулыўлық болады гейде
Жулдызлы ақшам.
Сонша сулыў көринер дүнья,
Қанша көп бақсаң.

Жек көремен бузақылықты,
Мысалы Гамлет.
Алғым келер дүньяны,
Кушаққа сыймас.
Ол ашық етип мени қыйнады,
Оны көз қыймас.

## ӨЖЕТ ЕКЕНСЕҢ

Айып болар шынды жасырған,
Өжет болып өстим жасымнан,
Тосқынлықлар болса да қанша,
Оларды мен бир жықпағанша,
Өжет кеўлим кешимеди ҳеш.
Алып бардым қызғынлы гүрес, —
Алдымдағы қарсылықларға,
Бас бермеди ҳасла оларға.
О, олардың қаншасын жықтым!
Жигитликте алдымнан шықтың,
Кәраматлы достым муҳаббат.
Бирақ та мен жатырқаңқырап,
Сениң менен айқаса кеттим.
Шамасы мен әззилик еттим,
Жыға алмадым. Жықтың гүресте.
Айттың маған: „сен өшегиспе!
Сен билип ал дос ким, душпан ким.
Ашықларды бирге қосқан ким“.
Мен айттым:
„Ҳай, достым сен бе едиң,
Әўелден не айтып келмедиң?
Мен алдыңа түстим жумалап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол бир қыздың үйин жағалап.
Жүрдим сениң ҳәмириң менен,
Ҳәм дем алдым ҳәуириң менен.
Өжет едим, мени де, жеңсең,
Сен меннен де өжет екенсең.

## БИР ТУЎЫСҚАН АҒАМ БАР ЕДИ...

### I

Бир туўысқан ағам бар еди
Бир көриўге интизар еди,
Ата анам, мени, кишемди,
Бүгин ағам түсиме енди:
...Әскер форма орденли батыр,
Мени қатты қушақлап атыр...
Көрдим: оның жүзлери солғын
„Азапларын шеккен-аў жолдың".
Деп атырман сонда ишимнен,
Мен нарыйза болдым түсимнен:
Ағам мениң көзден жоғалды
Оған ҳеш сөз айта алмай қалдым.
Көрсем дейип оның жүзлерин
Мен түсимде бираз изледим.
Кейин түсим екенин сездим,
Сондадағы ашпадым көзди,
Тәўир көрип түс көргенимди.
Әттең, оны көрмедим енди.

### II

„Қара қағаз" келген ўақлары,
Анам оны бираз жоқлады,
Анажаным жылады-аў бозлап,
Мениң бала жанымды қозғап.
Жоқлаў айтып жылаған сеске,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосылғандай қаңылтыр печь те,
Титиреди ыза кернеген,
Жан анамның көкиреги менен.
Жек көремен, досларым енди,
Мен биймезгил келген әжелди.

III

Инилерим, тилегим саған,
Мендей болып сениң әжаған,
Болмағай ҳеш урыс қурбаны,
Адам қыймас адамның жанын,
Жас жанынды титиретпесин,
Анаң ашшы жаслар төкпесин.
Көкирегиң алып ушады,
Пәрўаз еткен қустай мысалы.
Алғың келер аспаннан айды,
Көргиң келер: гүрлеген сайды,
Қулпы дөнген еки жағаны,
Армияға кеткен ағаны.
Сен күтерсең жаның сағынып,
Келетуғын көктен ағылып,
Жаңлатыўшы әлем аспанын, —
Неўбәҳәрдиң қарлығашларын.
Бул дүньядан күткенлериң көп.
Урыс болсын күтпегениң тек.

**АЎЫЛ ҚЫЗЫНА АЛЫСТАН ХАТ**

Мен барсам жанына зейним ашылар,
Көркиң көзлеримниң қумары, дилбар.
Бәҳәр куяшындай күлкиң шашылар,
Күлкиң — бул тәнимниң димары, дилбар.

Сеслерин еситкен алыс булақтын,
Бир кийиктей мен жолыда ылақтым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қай жақтан жанғанын билдим шырақтың,
Сен Әмиў бойының шырағы, дилбар.

Баяғы қаратал жапырақ жамылса,
Бәҳәр айямында мени сағынсаң,
Ышқы ҳәмирине сен ҳәм бағынсаң,
Ҳаслан етпе мени гиналы, дилбар.

Есиме түсип тур Әмиў бойлары,
Сениң ышқың ҳәргиз мени коймайды,
Сонда сен тәрепке мениң ойларым,
Сарқырама болып қулады, дилбар.

Есимниң бойында талай турғанман,
Оның суўын пахталыққа бурғанман,
Бийҳуш етер ақ тереклер ырғалған,
Ақ тереклер өзиң сыңары, дилбар.

Мен жүрген жерлерди өзин көргенсең,
Сүйсинерсең ғаўашалар тербелсе,
Асығарсаң бәҳәр айы келгенше,
Бәҳәр—тәбияттың инамы, дилбар.

Есиңдеме сол суў алып жүргенин,
Мен сөйлесем силең қатып күлгениң,
Сыңқ-сыңқ етип пахталыққа сиңгениң,
Мисли аққан суўлар сыңары, дилбар.

Самалға сыйпатып жипек шашыңды,
„Ҳаўайы кемеге“ бер ықласыңды,
Гүзде оның менең жыйсаң ҳасылды,
Ҳәр саат—„ақ алтын“ минары, дилбар.

Пахта теңизинде кемең „ҳаўайы“,
Дерлер оны мол өнимниң даўайы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бункериң—пахтаға, кеўил сарайың,
Қуўанышқа толсын мудамы, дилбар.

**СЕН СӨЙЛЕЙСЕҢ...**

Сен сөйлейсең сөзлериң қандай,
Ләззет берер мениң бойыма.
Сен қарайсаң, көзлериң таңдай,
Сәўле шашар ақыл-ойыма.

Жаўдыр көзди ушыратқаным көп,
Өткир емес еди буншалық.
Сениң көзиң, сениң көзиң тек,
Жулдызлар янлы турады-аў жанып.

Өтип атыр күнлер дизбеги,
Моншағындай дизилип қатар,
Ҳәр бир ойлар сиз ҳәм биздеги,
Еле-еле ашылмай жатар.

Бунша ысық көзлерди адам,
Қалайынша, қәйтип қыя алар?
Ысықсаң-аў бирақ та мудам,
Сол көзлериң меннен уялар.

**БӘҲӘР КЕЛДИ ЖӘНЕ АЙЛАНЫП**

Биз ушырасқан сай жағасында,
Бәҳәр келди және айланып.
Онда жалғыз тут ағашына
Сүйенемен аўыр ойланып.

Анаў жылы еккен нәлшемиз,
Быйыл көрсең, мине гүллеп тур.
Кеўлим айра түспегенде биз,
Гүллер едик гүл яңлы деп тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен көп қуўған гүбелеклер де,
Көз алдымда мине ушпақта.
Епелеклеп олар ҳәр жерде,
Өтер сайдан, өтер қыснақтан.

Сай бойының шоқ булбиллери,
Және келип сайрап, жүр әне.
О, сүйиклим жүрген жерлери,
Мен де келдим көклемде және.

Сыңқылдысы сайдағы суўдын,
Мени шексиз ләззетке бөлер.
Сайрағаны бағда булбилдиң,
Жүрегиме йош алып келер.

Самаллары сай жағасының,
Елпип есер, кеўил көтерер.
Алып келер қызлардың сестин,
Қыялымды саған жетелер.

О, не болды бул жағалардан,
Қарлығаштай елп етип өтсең?
Бәҳәр келди қуслар да ҳәмдам,
Сай бойына келмеген тек сен.

Бәҳәр паслы сениңдей емес,
Мезгилинде келеди ол да,
Еле жүрек „қой соны“ демес,
Еки көзим тигилер жолға.

Биз ушырасқан сай жағасына,
Бәҳәр келди және айланып,
Онда өскен тут ағашына,
Сүйенемен аўыр ойланып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Гүл қыстырсам сүмбил шашыңа,
Айтар един: „жаман баласаң“,
Жаман болсам бағдың ишинде,
Мениң менен неге қаласаң¿

Жүзигиңди турсам жасыра,
Айтар едиң: „жаман баласаң“.
Жаман болсам берген хатымды,
Төс қалтаңа неге саласаң?

Мен ийниңе турсам асыла,
Айтар едиң: „жаман баласаң“.
Жаман болсам сүйсинемен бе,
Сениң дийдарыңа қарасам?

Лəблериңнен өпсем асыға,
Айтар едиң; „жаман баласаң“
Жаман жерде өсеме гүллер?
Сен кеўлимде питкен лаласаң.

* * *

Мениң басым толар ойларға мудам,
Мениң жаным мудам өмирге қумар.
Нелерде ойлайман, не керек мағаи?
Алдымда еле көп ўазыйпа турар.

Исим жоқ бежерген ислерим менен,
Бежерилмегени қыйнайды мени,
Исим жоқ алдамшы түслерим менен.
Бежерилмеген ис қыйнайды мени.

Столымда жатыр қосығым шала,
Оған еле толық мазмун питпеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оны бузып кетти-аў тап жаңа ғана,
Мылжың биреў келип өзим күтпеген.

Мен қыйыншылыққа қорқпай бараман,
Алдымда қанша ис күтип турады.
Баслаған ислерим питпей қалама,
Деген ой тек мени шоршындырады.

* * *

Гүлдирлетсе гүлдирмама
„Дигирманын".
Қабақ үйип, айнып ҳаўа,
Жаўар жаўын.

Жаўған жаўын—жердиң суўы
Пуў болып ушқан.
Сонлықтан да аспан жасы
Жерге туўысқан.

Ол булт болып қаңғыды узақ,
Таппады мәкан.
Ата-анасыз балаға усап.
Тар болды жәҳән.

Жалықтырды қаңғымайлық
Қайғысы артты.
Түнерди ол қабақ үйип,
Жерге кумартты.

Ойланса да удайына,
Таппады имкан.
Кейин аспан „қудайына".
Салды ол қыйқаң.

„Қудайдан" да болмай жәрдем,
Айланды жасқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қамысқа да ол бәрҳә, ҳәрдем.
Иләж жоқ басқа.

Көз жасынан ашылған көздей,
Ашылды аспан.
Қуўанышлы анадай мысал,
Жер болды бостаң.

Өсти гүллер жайнап, жадырап,
Төгилген жастан.
Қулпы дөнди дала, әтирап,
Гирбиң жоқ ҳаслан.

Ата-жерим, сениң ушын
Төгилсе жасым.
Жадыратсын топырағыңның,
Бир ақ гиясын.

Мениң жасым, ана-жерим,
Тек саған тамсын.
Қуўанышым, қайғым да мениң,
Тек сенде қалсын.

* * *

Таўлардың шаўқымлы сайлары өтер,
Өтер, жаслығымның айлары өтер,
Гейде ғамлы, гейде жайдары өтер,
О, мениң дилбарым, сен қайлардасаң?

Ағын суў бойында отырсам гәде,
Парийшан ойларым болмайды ада.
Арзыўлы яр деген жигитке мәдәр.
Арзыўлы дилбарым, сен қайлардасаң?

Төсекке түсип тур шуғласы айдың.
Уйқымды келтирмес суўлары сайдың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен болып турыпсаң шадлығым, қайғым,
Қумар көзли жанан, сен қайлардасаң?

Кеўлим көтерилер гүллерди көрсем,
Гулзардан гүл үзип мен саған берсем,
Сен оған сүйсинип рахмет дерсен,
Гүлимди сүйген яр, сен қайлардасаң?

Қаншама қызлар бар! Не пайда бирақ,
Биразы тәкаббир, биразы инақ,
Сүйгениң қайда деп қоймады сорап,
Қызлар сораған яр, сен қайлардасаң?

Адамның адамнан билмесем парқын,
Болар ма жүректе буншалар дәртим,
Қосығым ышқымдур, опадур—шәртим,
Сенин ышқыңдаман, сен қайлардасаң?

* * *

Қыр—далада сайранлар қылсам,
Таў көринер көзиме нардай.
Бәлентликлер үстинде турсам,
Самал ойнар ойнақы ярдай,
Мениң менен жумысы бардай.

Жипек самал гүллерди тербеп,
Көкирегимди сайратар тардай.
Жүрсем егер самалға өрлеп,
Бийҳуш етип кетеди қандай.
Мениң менен жумысы бардай.

Ушырасып қалғанда гейде,
Бир нәзелим күлимлер таңдай,
Оны көрип күлимсиреймен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Узақ қарар көзлерин алмай,
Мениң менен жумысы бардай.

Әрман татлы, әрманым сулыў,
Әрманларым бийикти алғай.
Көзде — ушқын, жүректе — жылыў,
Ойлар мени тербейди талдай,
Мениң менен жумысы бардай.



www.ziyouz.com kutubxonasi